

Kowalisyon pou yon Sektè Bò dlo ki pi **ENKLIZIV AK REZISTAN**

POU PIBLIKASYON IMEDYAT: 29 Jen 2021

Kontak:

Alex Goldstein
agoldstein@ninetywest.com

40 ÓGANIZASYON TOUPATOU NAN BOSTON AP LANSE YON NOUVO KOWALISYON POU METE AKSAN SOU PWOBLEM BÓDMÈ A ANVAN ELEKSYON VIL LA NAN 2021

Kowalisyon pou yon Bòdmè ki pi Enkliziv ak Rezistan ap lanse yon novo sondaj kap montre elektè Boston yo sipòte anpil espas ouvè ak aksè sou bòdmè

BOSTON, MA – Jodia, 40 òganizasyon toupatou nan Vil Boston te lanse **Kowalisyon pou yon Bòdmè ki pi rezistan ak Enkliziv** pou edike kandida ak elektè yo sou pwoblèm kap afekte bòdmè Boston nan eleksyon minisipal 2021 yo, avèk yon atansyon spesifik sou rezilyans, inklizivite, aksè ak vitalite ekonomik sou pò, zile ak rivyè Boston yo.

Nan mwa kap vini yo, Kowalisyon an pral travay ansam pou kreye pwogramasyon ak opòtinite angajman avèk elektè ak kandida yo pou eksploré pwoblèm bòdmè a ap andire epi mete aksan sou yo nan diskou nan tout vil la. Pou anonse travay sa a, Kowalisyon an te anonse jodia ke li pral òganize yon fowòm majistra ki pral chita sou pwoblèm enpòtan bòdmè yo nan **Jedi 29 Jiyè nan Akwaryòm New England**. Aktivite a pral ouvè pouiblik la ak medya, epi detay sou tikè yo pral disponib nan jou kap vini yo.

Paralèlman avèk lansman jodia, Kowalisyon an te pibliye tou rezulta yo nan yon novo sondaj ki te òganize pa Gwoup Sondaj MassINC, ki te pale avèk 635 potansyèl elektè sou plizyè sijè ki gen rapò avèk bòdmè Boston, epi mete aksan sou enpòtans pou konvoke yon kowalisyon ki kapab ede nan fè kesyon sa yo vini yon priyrite pandan tout eleksyon an ak odela.

Sondaj la, ki te fèt ant 10-16 Jen 2021, te abouti a yon sèten kantite konklyzyon enpòtan:

- 87% nan elektè yo di ke yo sipòte kreyasyon novo espas ouvè pou itilizasyon publik sou bòdmè a.
- 83% nan elektè yo di ke yo sipòte finansman adisyonèl gouvènman vil la pou pwoteksyon nan chanjman klima pou katye spesifik yo nan Boston.

- 81 nan elektè yo sipòte gouvènman vil la kap kreye yon seri chanjman klimatik ak estanda avantaj kominotè pou tout devlopè yo ki vle konstwi sou bòdmè Boston yo.
- Elektè yo, patikilyèman nan kominote koulè yo, vle wè plis envestisman nan kreyasyon travay ak fè bòdmè a vini yon plas ki a bon mache pou vizite.
- Sèlman 38% nan elektè yo panse ke divèsite rasyal reflete nan aktivite yo sou bòdmè a, epi sèlman 55% nan moun ki reponn yo panse aktivite ak manje bò dlo a bon mache.
- 76% nan elektè yo panse ke bòdmè a ta dwe aksesib pou tout mounm menm si sa vle di mwens teren pou devlopman an.
- 85% nan elektè yo di li ta dwe yon “gwo priyorite” pou pwochen majistra kenbe pak ak espas ouvè yo disponib pou tout moun ka itilize.

Ou ka jwenn plis detay sou sondaj la isit la.

"Nou fyè pou nou rejwenn òganizasyon yo toupatou nan vil la nan efò enpòtan pou fè fas avèk pwoblèm bòdmè Boston yo ap fè fas, ak pou avanse yon vizyon solid pou lavni," te deklare **Kathy Abbott, Prezidan ak PDG, Boston Harbor Now**. "Li esansyèl ke pwochen Majistra Boston an ak pwochen dirijan yo ap fè tout sa yo kapab pou asire ke nou konfwonte ak retire obstak fizik, finansye ak règleman yo nan fason pou kreye yon bòdmè ki pi aksesib, ekitab, ki dinamik ekonomikman."

"Pwochen dirijan yo nan vil nou an pral fè fas avèk yon kriz klimatik kap eskalade ki prezante defi enpòtan nan sante ak sekirite kominote yo kap viv, travay ak jwe sou bòdmè nou an," te deklare **Vikki Spruill, Prezidan ak PDG, Akwaryòm New England**. "Apwòch ki baze sou syans pou kreye klima rezistan, espas ouvè sou bòdmè a pral esansyèl nan pwochen abitabilite vil la, e nou espere ke kowalisyon sa a pral ede nou mete an limyè pwoblèm ijan sa yo nan yon pwen enfleksyon nan istwa Boston."

"Rezidan Boston yo merite yon bòdmè aksesib, ak enkliziv nan nivo klas mondal. Mwa kap vini yo ap ba nou yon opòtinite pou panse gran sou sa ki posib, ak ankouraje aksyon solid pou konsève ak kreye nouvo espas ouvè publik nan pò Vil nou an," te deklare **Jocelyn Forbush, Prezidan pa Entèrim ak PDG, Administratè Rezèvasyon**. "Nou espere itilize moman sa pou edike dirijan nou yo ansanm avèk tout moun sila yo nan Boston ki kapab benefisyé sou sa bòdmè a gen pou ofri sou potansyèl youn nan resous publik ki gen plis valè pou nou."

"YMCA nan Greater Boston fyè pou l antre nan efò sa a pou ede elaji ak devlope vwa yo sou tab la sou pwoblèm presan bòdmè Boston an ap andire, sa ki konsistan avèk atansyon nou pou asire ke jèn moun yo nan vil nou an ka benefisyé de tout bagay bòdmè a gen pou ofri yo," te deklare **James Morton, Prezidan ak PDG, YMCA nan Greater Boston**. "Pou anpil jèn ki enplike avèk YMCA, antrepriz yo nan bòdmè a se premye eksperyans yo avèk liy kotyè vil la, zile, ak rivyè yo. YMCA a angaje pou asire ke tout rezidan Boston yo, patikilyèman nan kominote Nwa ak koulè yo ki te santi yo dekonekte istorikman de bò lanmè a, santi yo byenvini nan youn nan pi gwo resous natirèl vil nou an."

Lis aktyèl òganizasyon patnè kominote pou Kowalisyon yon Bòdmè ki pi Rezistan ak Enkliziv gen ladann:

Alliance for Business Leadership
A Better City
Becoming A Man (BAM)
Black Economic Council of Massachusetts
Boston Children's Museum
Boston Harbor Now
Boston Shipping Association
Boston Society for Architecture
Boston Society of Landscape Architects
Camp Harborview
Charles River Conservancy
Chinatown Main Streets
Conservation Law Foundation
East Boston Main Streets
East Boston Social Centers
Fields Corner Main Streets
Fort Point Neighborhood Association (FPNA)
Friends of the Boston Harbor Islands
Friends of the Charlestown Navy Yard
Greater Boston Convention & Visitors Bureau
GreenRoots
Harborfront Neighborhood Alliance
Harborkeepers
Jeffries Point Neighborhood Association
Mystic River Watershed Association
NAACP Boston Branch
Neighborhood of Affordable Housing (NOAH)
Neponset River Watershed
New England Aquarium
North End Waterfront Residents Association (NEWRA)
Piers Park Sailing Center
Port Norfolk Civic Association
Rose Kennedy Greenway Conservancy
Save the Harbor/Save the Bay
South Boston Neighborhood House
The American City Coalition (TACC)
The Trustees of Reservations
West Fairmount Hill Community Group
Wharf District Council
YMCA of Greater Boston

Enfòmasyon sou Kowalisyon pou yon Bòdmè Enkliviz ak Rezistan. Kowalisyon pou yon Bòdmè ki pi Rezistans ak Enkliziv se yon alyans plizyè òganizasyon non-pwofitabilite ki vize pou mete aksan sou pwoblèm presan yo ke pò ak riviè Boston yo nan premye plan konvèrsasyon publik la pandan sik eleksyon minisipal 2021 an. Grasa edikasyon ak angajman elektè ak kandida, kowalisyon an ap chita sou avansman yon vizyon solid pou avni bòdmè vil la ki priyorize rezistans, enklizivite, aksè, ak vitalite ekonomik.

###